

Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN DE (2) KONPAYI LIDÈ NAN
INDISTRI YO NAN SYRACUSE**

Bankers Healthcare Group pral Kreye 330 Nouvo Djòb nan Salt City

***JMA Wireless, ki se yon Inovatè Teknoloji Global ki Konsevwa ak Fabrike Sistèm
Kominikasyon Pwochè Jenerasyon yo, pral Kreye 100 Djòb nan New York
Santral***

***Toude Investisman sa yo ap Konplemanje Inisyativ "CNY Rising" lan - ki se
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse agrandisman de (2) konpayi lidè nan endistri yo nan Syracuse ki sitiye nan Rejyon New York Santral la ki pral devlope ekonomi rejyon an. Bankers Health Group, LLC pral demenaje ak konsolide plizyè operasyon yo gen nan New York Santral yo ki nan Syracuse pou al nan nouvo etablisman yo fenk konstwi a ki chita nan 300-324 Spencer Street. JMA Wireless pran angajman pou yo demenaje fabrikasyon ekipman 5G yo soti Texas vin nan Blding Istorik Coyne lan nan sidès pòtay sant vil Syracuse la. De (2) konpayi sa yo pral kreye plis pase 400 djòb lè yo melanje yo ansanm.

"Nou vrèman konsantre sou fason pou n pote gran konpayi yo vin nan New York Santral epi anons sa a demontre apwòch estratejik, ki baze onivo rejyonal nou pran anvè devlopman ekonomik lan ap pote rezilta konkrè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè yo agrandi vin nan New York Santral, de (2) konpayi sa yo pral ede transfòme rejyon an, kreye nouvo opòtinite travay epi jenere menm plis elan ekonomik toupatou atravè rejyon nò New York la."

"Syracuse ap kontinye devlope gras a nouvo biznis epi sèvi kòm yon sant pou inovasyon", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Agrandisman Bankers Healthcare Group (BHG) ak JMA Wireless la pral ajoute anpil santèn djòb nan zòn lan epi l ap plis pwomouvwa endistri teknoloji avanse a nan New York Santral. Investisman sa yo pral ranfòse ekonomi rejyon an, plis revitalize zòn lan, epi kreye nouvo opòtinite pou Nouyòkè yo."

Albert Crawford, Fondatè, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Bankers Healthcare Group la, te deklare, "Lè nou fè patenarya ak eta a, non sèlman n ap gen kapasite pou n agrandi anprent konpayi nou an men tou n ap kreye plis pase 300 nouvo djòb nan New York Santral. Syèj prensipal konpayi nou an te sitiye nan sant vil Syracuse depi pandan prèske de (2) deseni, epi se yon lonè pou n te jwe yon wòl kle nan efò pou atire talan premye plan, sa k ap kontribiye nan ekonomi lokal la, epi sipòte redevlopman Inner Harbor la".

Spencer Street LLC pral konstwi ak meble yon etablisman ki mezire 100,000 pye kare nan 300-324 Spencer Street nan Syracuse pou sèvi kòm lokal Bankers Healthcare Group ak Capital Collection Management. Pwojè 35 milyon dola a pral gen ladan demolisyon ak asenisman pwopriyete ki egziste deja a, epi konstwi ak konplètman ekipe nouvo etablisman an. Inisyativ melanje a pral lakoz kreyasyon 330 nouvo djòb. Anplwaye Bankers Health Group yo pral rete nan lokalite kote biwo aktyèl yo a ye nan Franklin Square ak Armory Square; anplwaye Capital Collection Management yo pral kontinye travay nan lokalite konpayi a genyen nan Armory Square la. Bankers Healthcare Group prevwa pwojè a pral fini apati fen ane 2023.

Eta New York ap ede pwojè a pa mwayen yon investisman 11 milyon dola, ki gen ladan 4 milyon dola sibvansyon kapital ak 7 milyon dola nan Kredi Taks Djòb Exelsior yo (Excelsior Jobs Tax Credits). Bankers Healthcare Group, ke yo te fonde an 2001, ofri solisyon finansyèl, novatè, san sousi pou praktisyen swen sante yo ak lòt pwofesyonèl otorize yo. BHG gen twa biwo: syèj prensipal kòporatif la nan Davie, Florida; rechèch ak devlopman nan Vil New York; ak syèj prensipal finansye yo nan Syracuse, New York. Yo te onore BHG nan Inc. 500/5000 13 fwa, *FORTUNE* magazine ak Great Place to Work te nonmen l resaman dezyèm pi bon kote pou moun travay nan Eta New York. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Bankers Healthcare Group, [klike la](#).

JMA, ki se yon inovatè teknoloji global a baz lojisyèl 4G ak 5G, pral investi 25 milyon dola pou kreye yon sant fabrikasyon teknoloji avanse 5G nan sant vil Syracuse. JMA pral renove Bldg Coyne lan ak lòt yo ki sitiye nan Cortland Ave nan pwent sid sant vil Syracuse la. Kanpis 5G a, ki kouvri distans yon kafou vil, pral fabrike premye sistèm radyo a ond milimetrik 5G entèn nan mond lan epi l ap ajè kòm yon vitrin pou eksperyans 5G yo.

Pwojè sa a ap konplèman efò Vil la ak Konte a ap fè pou yo devlop yon koridò teknoloji soti nan sant vil la rive nan South Side, sa k ap rann New York Santral vin yon sant pou 5G ak devlopman vil entelijan. Pwojè a pral kreye 100 djòb nan katye defavorize ki akote sant vil la, djòb sa yo pral varye soti nan nivo debitan rive nan nivo jeni avanse. Eta New York ap bay 5 milyon dola sibvansyon ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative) pou ede nan kad pwojè sa a.

An 2017, Gouvènè Cuomo te anonse JMA t ap investi 34 milyon dola nan Konte Onondaga epi demenaje operasyon yo genyen ki pa nan eta a yo vin nan Liverpool. JMA te depase angajman 145 djòb yo te pran pou anplwaye a, kote yo te kreye plis pase 200 nouvo djòb nan lokalite yo gen nan Liverpool la epitou yo te satisfè angajman investisman nan mwatye tan yo te prevwa a. Pandan sizan ki sot pase yo, JMA te investi plis pase 100 milyon dola nan zòn Syracuse la epi yo te anplwaye plis pase 500 moun onivo lokal.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric J. Gertler te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, gen bon jan kalite konpayi gran kalib deplizanpli k ap montre plis enterè nan tout rejyon eta a, sa k ap pote djòb ak opòtinite ki te ranvèse anpil ane deklèn ekonomik. Desizyon JMA Wireless ak Bankers Healthcare Group yo pran pou yo agrandi operasyon yo nan

New York Santral la demontre ke Eta New York ouvri pou biznis - pa sèlman pou mache jounen jodi a, men tou pou ekonomi demen an".

Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York, MACNY), ak Deborah Stanley, Prezidan State University of New York at Oswego, ki se de (2) Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral la (Central New York Regional Economic Development Council) te deklare, "Konsèy rejyonal la konplètman angaje an vè avni Sant Vil Syracuse la. Gras a sipò n ap bay pwojè transfòmasyon sa yo, nou ap plis vanse efò nou ap fè pou n relanse zòn nan, sa k ap kreye yon kote ki akeyan pou milèn yo, fanmi yo, ak lòt moun ki ap chèche viv eksperyans tout sa zòn nan gen pou ofri yo".

Senatè Robert E. Antonacci II te deklare, "Investisman Bankers Healthcare Group ak JMA Wireless ap fè nan Konte Onondaga ofri plis opòtinite ekonomik isit la. Aksan yo mete sou kreyasyon djòb nan New York Santral la pèmèt kwasans ekonomik ak pwosprite kontinye nan rejyon an".

Senatè Rachel May te di, "Nou vrèman kontan anpil pou n akeyi JMA Wireless vin nan 53yèm Distri Sena a. Syracuse se yon kote mèveye pou moun viv, jwe, ak elve yon fanmi, epi mwen kontan anpil paske konpayi sa yo ap wè sa a. JMA, ki gen rasin yo nan New York Santral, pral yon gran adisyon, k ap pote bon jan kalite djòb nan Southside Syracuse epi restore yon ansyen sant aktivite pou yo vin itilize l nan fason pwodiktiv. Mwen paka tann pou m wè yo devlope pandan anpil ane. Mèsi tou Bankers Health paske n ap investi ankò nan Vil Syracuse".

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Agrandisman endistri sa yo nan Konte Onondaga se yon etap pwogresif mèveye an vè konstriksyon yon anviwònman travay onivo lokal ki favorab a teknoloji. Ekonomi lokal la pral jwi avantaj plis djòb ak plis opòtinite konpayi yo pral pote yo".

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Agrandisman de (2) biznis sa yo k ap fèt nan New York Santral la konfime ke efò revitalizasyon n ap fè yo ap pote fwi. Non sèlman biznis sa yo ap kreye anpil santèn djòb, men tou antanke lidè endistri nan domèn respektif pa yo, y ap sètènman angaje ak anpil founisè ekstèn, sa ki pral plis estimile ekonomi rejyonal nou an epi ankouraje plis kwasans djòb".

Manm Asanble Albert A. Stirpe te deklare, "Jodi a se yon gran jou pou vil Syracuse ak pou ekonomi rejyonal nou an. Mwen te travay ak JMA Wireless pandan plizyè ane epi nou te wè bèl bagay lidè teknolojik sa a te rive atenn nan Clay, kote yo te kreye djòb epi yo te yon bon sitwayen kòporatif. Angajman yo pran pou investi ak devlope nan vil la pral pote bon jan djòb ki byen peye nan chak lokalite kote travayè potansyèl yo viv. Se yon egzanp ki montre sa nou bezwen pou nou kase chenn povrete a nan kominote nou an epi souleve tout rejyon an nèt".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, J. Ryan McMahon II te deklare, "Elan k ap pran nan ekonomi lokal nou an enkontestab. Anpil santèn nouvo djòb Bankers Health ak JMA ap kreye yo se trè bon nouvo pou kominote nou an. Mèsi tout patnè nou yo ki te ede rann reyisit sa posib".

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, "Depi okòmansman, Gouvènè a ak ekip li a te sipòtè Elan Syracuse la (Syracuse Surge), ki se estrateji nou genyen pou kwasans enkliziv nan Nouvo Ekonomi an. Lè mwen te prezante Gouvènè a konsèp la, li te tande m. Investisman JMA ak BHG ap fè nan Syracuse la pa t ap ka posib san angajman Gouvènè a pran. Pwojè sa yo se prèv ki montre estrateji Elan an ap mache: nan avantaj akizisyon rezo poto limyè nan lari nou yo itilize pou vin tounen Vil Entèlijan Anblematik (Flagship Smart City) nan New York; pouvwa pou rann Syracuse vin youn nan premye vil nan nasyon an k ap devlope teknoloji san fil ki gen vitès trè rapid; ak potansyèl pou kreye yon Lekòl STEAM Onivo tout Eta a nan ansyen Central Tech la nan sant vil Syracuse".

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konplèman inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2012, Eta a te deja investi plis pase 5.6 milya dola nan rejyon an pou tabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li te ye depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou yo devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Central NY Rising lan gras a yon envèstisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreyasyon jiska 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)